

Mande'm de bagay ki Vole!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram manyèl sou bagay ki vole.

Ban'm di nou de pouse, gravite, leve e rale afekte yon objè kap vole. Mande'm kijan mwen leve yon boul ping pong ak souf mwen e flote menm boul ping pong lan nan mitan lè ak èd yon sechwa.

Mwen fè yon papye vole gras a diferan teknik pou pliye. Ban'm montre'w youn nan avyon papye yo.

Mwen desine e ede'm eksperimante ak aktivite "pwason volan" pa anba


Pwason Volan

Kisa ke ou bezwen:

- Papye
- Sizo
- Règ

Kisa pou fè:

1. Koupe yon moso papye ki mezire 1" laj pa 6" long.
2. Mezire 1" de fen papye an e koupe la a 1/2".
3. Mezire 1" de kote opoze papye an e koupe li yon dezyèm fwa a 1/2 nan kote opoze an.
4. Tòdye papye an e glise de sa ou koupe yo pou fè yon pwason.
5. Kenbe li nan lè e lage li.



Kisa ki pase? Eseye diferan lajè ak longè papye an. Eske ou kapab fè li vire pi vit? Eske ou kapab fè li vole pi dousman?

